



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 27/7/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEMANN PWOPOZISYON POU NOUVO  
PIBLIKASYON REANVIZAJE MACHIN METWO YO**

***Eta ap chèche pwopozisyon pou remodle 1,025 machin metwo, sa ki gen ladan  
jiska 750 avèk konsepsyon “Open End”***

***RFP egzije pou moun kap fè pwopozisyon yo ofri Opòtinite Travay Egal Etazini  
ansanm avèk Plan pou kenbe travay***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Metropolitan Transportation Authority te pibliye yon demann Pwopozisyon pou 1,025 nouvo machin metwo ansanm avèk sa ki reanvizaje. RFP mete an mouvman yon pwosesis pou kòmande ak fè livrezon machin yo nan yon fason inovè ak koute mwens ke posib. Nan kad pwosesis RFP a, yo pral mande moun kap fè pwopozisyon yo pou soumèt yon Plan Travay Etazini ki dekri kantite ak deskripsyon travay Etazini ta kreye ak/oswa konsève, ansanm avèk aksè travay ki disponib an koneksyon avèk sèten egzijans nan kontra.

Semèn pase, Gouvènè Cuomo te devwale konsepsyon nouvo machin metwo yo ki pral gen ladan amelyorasyon inovè nan deyò ak andedan, pòt ki pi laj, ansanm avèk adisyon jiska 750 “Open Car End” machin ki fèt. Nouvo konsepsyon an pral redwi tan datant epi ogmante kapasite. Envèstisman enpòtan sa yo fè pati nan pwogram kapital MTA a ki koute 27 milyon dola, pou senkan pou renouvle epi elaji rezo MTA a.

“MTA se youn nan rezo transpòtasyon ki pi frekante nan peyi a e nap pran pwochen etap la nan bi pou rebati ak modènize sistèm tren New York la,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Aksyon sa pral ogmante kapasite, redwi sou foul moun, epi amelyore eksperyans kliyan pandan lap kreye travay ak devlope pou lavni.”

“Pwogram kapital senkan \$27 milya dola MTA a gen kapasite pou kreye plizyè dizèn milye djòb konstriksyon, manifakti, jeni ansanm avèk lòt djòb,” **te deklare Prezidan MTA ansanm avèk Prezidan ak PDG Thomas Prendergast.** “Nou rekonèt tou ke aplike Plan Travay Etazini nan nouvo demann pwopozisyon pou machin metwo sa—ke pwogram kapital la sipòte – se yon bon fason pou asire ke kontraktè sa yo konsève travay e yo toutan ap konsantre sou reyalize objektif sa yo pandan plizyè ane nan tèm kontra a.”

Moun kap fè pwopozisyon an dwe dekri nan USEP a kalite ak yon gwo posibilite nan opòtinite travay Etazini ke yo prevwa kap kreye ak konsève parapò avèk pwodiksyon, livrezon, akseptasyon, tès, ak garanti egzijans pwoteksyon ki nan kontra. Moun kap fè pwopozisyon an dwe dekri tou valè lajan dirèk ak depans avantaj sosyal pou travay sa

yo, ansanm avèk angajman moun ki fè pwopozisyon an pral fè pou akonpli nivo kreyasyon / konsèvasyon djòb.

Moun kap fè pwopozisyon an ap gen obligasyon pou soumèt yon analiz sou enpak mendèv. Analiz la idantifye konpetans ki nesèsè pou konplete kontra a ansanm avèk egzijans minimòm pou chak travay/kategori konpetans, sa ki gen ladan pousantaj djòb pou chak kategori travay ansanm avèk plan moun kap fè pwopozisyon an pou devlope konpetans nouvo moun ki anboche yo ki nesèsè pou reponn a kalifikasyon debaz travay. Analiz la pral idantifye tou plan moun kap fè pwopozisyon an pou bay chemen karyè, konekte achèvmman fòmasyon, pèfòmans nan travay, ak pwomosyon grasa strikti òganizasyon, nan limit kote konpetans sa ta transfere nan lòt pozisyon manifakti apre fen pwodiksyon machin metwo yo.

**John Samuelsen, Prezidan Transit Workers Union Local 100, te di konsa,** “Lajan kontribyab yo ke yo itilize pou achte ekipman tankou machin metwo ta dwe kreye bon jan kalite travay manifakti isit la, men pa aletranje. Lòt ajans yo pral pwobableman swiv egzanp MTA a. Sa se pi gwo ajans transpò nan peyi a e souvan li etabli nòm pou lòt moun.”

**Madeline Janis, Direktè Egzekitif, Jobs to Move America te di konsa,** “Lè nou adopte Plan Travay Etazini, MTA te mete yon zouti evalyasyon divilgasyon pou acha tren sa yo ki pral amelyore sistèm transpò New York la, kreye travay ak relanse manifakti nan kominote nou yo ki bezwen l piplis. Nou konplimante Gouvènè Cuomo sou lidèchip ak angajman l pou ogmante lajan kontribyab yo epi amelyore rezilta ekonomik kominote nou yo.”

### **Machin metwo ki reanvizaje ak amelyore yo**

Nan fen semèn sa a, MTA ap pibliye yon RFP(Demann pou pwopozisyon)pou konstriksyon 1,025 nouvo machin metwo sa yo, ki pral mete an evidans ke delè konsepsyon an ak pwodiksyon, ansanm ak rantablite pwojè a pral faktè santral nan atribisyon kontra a.

RFP a pral mete aksan tou sou nesèsite pou respekte direktiv plan konsepsyon MTA a yo, ki te etabli aprè revizyon meyè pratik nan yon bann gwo zòn metwopoliten atravè lemond, epi nou te idantifye plizyè eleman kle nou ka itilize nan sistèm New York la, ki genyen ladan yo:

- **Konsepsyon Machin ki gen pòt dèyè ki ouvè:** MTA prevwa nan 1,025 nouvo machin lan yo, pral gen anviwon 750 ladan yo ki pral gen konsepsyon machin ki gen pòt dèyè ki ouvè. konsepsyon machin ki gen pòt dèyè ki ouvè a ap ranplase pòt ki sitye ant machin yo, epi yo ap mete yon konektè ki sanble ak yon akòdeyon pou kapab fè l pi long, ouvri plis espas, ki pèmèt pou plis mouvman sikilasyon pasaje yo epi nan konsa yo ka tou ogmante kapasite. Machin sa yo vin tounen yon estanda entènasyonal: a Lond 31pousan nan machin yo pral machin ki gen pòt dèyè ki ouvè nan fen ane a, a Pari nimewo sa monte a 37 pousan, epi a Toronto li a 56 pousan.
- **Pòt ki pi laj yo:** Lajè pòt nan nouvo machin yo pral elaji soti nan standa aktyèl MTA a ki se 50 pous pou vin 58 pous. Pòt manchin metwo ki pi laj yo kapab redui reta lè yo pèmèt kliyan pou antre sòti pi rapid, epi yo tout vin tounen yon estanda entènasyonal. Selon yon similasyon nan òdinatè sou sikilasyon pasaje ki te fèt

sou non MTA, nan senaryo ki gen anpil moun yo, pòt ki pi laj yo ka redui “tan darè” tren nan estasyon an a 32 pousan.

- **Ekipman ak sekirite kliyan yo:** Anndan nouvo machin yo ap genyen anpil nouvo ekipman tou, tankou WiFi, pòt chajè USB, safichaj enfòmasyon kliyan sou ekran dijital epi an koulè, piblisite dijital, ekleraj nan ouvèti pòt yo, avètisman ak kamera sekirite pou ankouraje sekirite pasaje yo.

- **Aparans Ekstèn yo:** Eleman konsepsyon aparans ekstèn nouvo machin metwo a yo gen ladan yo yon nouvo devan ki genyen fenèt laj, limyè devan yo ap LED, epi ap gen yon bann ble ki gen aksan lò sou kote a yo.

W ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

### **Konsiltan Konsepsyon yo**

MTA te travay avèk konsiltan konsepsyon ki eksepasyonèl ki gen renomen mondyal, ki genyen ekspètiz sou konsepsyon entènasyonal apwofondi nan enstalasyon tren ak transpò piblik, pou nouvo materyèl roulan ak amelyorasyon estasyon yo. Konseptè en chef la, Antenna Design, ak jeni konsiltan CH2M, te kreye nouvo konsepsyon machin metwo yo. Konseptè en chef yo, Grimshaw Architectes, ak Arup, manadyè pwogram yo – tou de gen biwo a Lond ak nan New York – yo anchaj inisyativ estasyon yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418